

AN N BATI LEKÒL TÈT AN WO:

LANG MANMAN, PEDAGOJI AK TEKNOLOJI KÒM

ENGREDYAN FONDAL NATAL POU YON CHANJMAN RADIKAL

Michel DeGraff ak Glenda S. Stump

Massachusetts Institute of Technology

Pifò engredyan nan atik sa a se pou n rezime yon lòt atik ki te pibliye ane pase (an 2018) sou rannman Inisyativ MIT-Ayiti a nan domenn edikasyon. Lòt atik sa a te parèt nan youn nan pi gwo jounal lengwistik nan lemond—yon jounal syantifik ki rele *Language*.¹ Se Sosyete Lengwistik oz Etazini (“Linguistics Society of America”), ki se pi gwo asosyasyon entènasyonal pou lengwistik, ki pibliye jounal sa a.

Rezon prensipal ki fè n ekri atik sa a pou *Journal of Haitian Studies*, apre n te fin pibliye atik nan jounal *Language* la, se paske n vle sèvi ak lang kreyòl la pou n pataje kèk nouvo rezilta travay MIT-Ayiti a ak kolèg edikatè nou yo ann Ayiti, espesyalman sila yo k ap travay kou Mèt Jan Jak pou yo chanje eskap figi lekòl nan peyi a.

Epi tou, analiz ki nan atik sa a antre dirèk dirèk nan yon deba manch long ki te kòmanse depi lè ewo nasyonal yo te lanse konba liberasyon pou endepandans peyi d Ayiti. Se depi lè sa a deba a kòmanse konsènan ki sa ki dwe fè Afriken ak desandan Afriken ann Ayiti vin “moun” tout bon—kòm ki dirè yo pa te ko “moun” anvan kolon blan te mete yo nan esklavaj. Pa egzanp: Èske se lang ak kilti kolon blan franse yo ki ka fè moun nwa nan Sen Domeng (zansèt sa yo ki t ap goumen kont lesklavaj) vin “moun” tankou kolon yo? Èske se “latinite” (egal: kilti kolon franse yo) ki ta nesè pou “mounite” Ayisyen yo, pou yo ka vin “sivilize” nan menm nivo ak blan ewopeyen yo? Jean-Jacques Dessalines te klè sou kesyon sa yo: Afriken yo ansanm ak desandan a yo nan Sen Domeng te deja djanm nan mounite yo e yo te deja gen “lang a yo”. Ki fè yo pa te bezwen lang “lèzòt”. Nan Konstitisyon 1805 la, Dessalines te deklare tout Ayisyen se moun “nwa” kèlkeswa koulè po yo. Li te deside sa paske l te konprann ki jan chenn *mantal* ka pi malouk pase chenn *metal*. Se kon sa tou Jean-Price Mars te vin goumen kont sa l te rele “bovaris kolektif”—ki vle di: yon fenomèn kote Ayisyen ki wè tèt yo kòm gran save ap aji kòm si yo se blan franse ki gen po nwa (sa fè n sonje analiz ki nan liv Frantz Fanon ki rele *Peau Noire, Masques Blancs*). Malerezman, apre Dessalines,

plizyè gran entelektyèl kreyolofòn (Demesvar Delorme, Anténor Firmin, Louis-Joseph Janvier, Dantès Bellegarde, Hénock Trouillot, Jean Métellus, Leslie François Manigat, ak yon pakèt lòt ankò) te vin deklare se kilti kolon blan yo ansanm ak pratik lang franse a (“frankofoni”) ki ka fè Ayisyen vin “moun” tout bon. Ata gran entelektyèl anti-kolonyal Aimé Césaire te panse lang kreyòl Matinik la se yon “enfimite” ki t ap bloke devlopman konpatriòt Matinikè li yo.²

Kalte prejije sa yo te vin antre nan yon deba ki pi laj konsènan ki zouti ki nesèsè pou n kaba chenn mantal sa yo. Chenn sa yo toujou ap patisipe nan bloke liberasyon ak devlopman peyi d Ayiti ansanm ak lòt kominote ki toujou an ba bòt nouvo sistèm kolonizasyon kote se lang ak edikasyon ki ranplase zam tankou kannon. Atik sa a, ki baze sou rezilta rechèch ke n te pibliye nan jounal *Language*, prezante kèk engredyan ki nesèsè, menm si yo pa sifizan, pou n vanse pi devan nan konba Vètyè sa a pou liberasyon total pèp souvren an.³

Men lide prensipal atik ki nan jounal *Language* la: Lang natif natal nou, pedagoji entèraktif ansanm ak teknoloji modèn, sa se twa faktè (“twa wòch dife”) ki nesèsè, menm si yo pa sifi, pou akouche bèl kalte edikasyon ki aksesib alawonnbadè pou tout moun tou patou. Nan ka Ayiti, rechèch nou sou “twa wòch dife” sa yo fèt nan kad yon sistèm edikasyon ki pote mak kolonyal “lekòl tèt an ba” kote franse sèvi kòm lang prensipal nan ansèyman (sitou nan materyèl ekri ak egzamen) malgre se yon ti pousantaj zuit popilasyon an ki pale franse fen e byen. Nan lekòl tèt an ba sa yo, mòd prensipal aprantisaj la se repete tèks an franse san konprann, tankou jako repèt. Sa ki pi rès, kreyòl la, ki se sèl grenn lang ki rele tout Ayisyen ann Ayiti chè mèchè mèchè, pa ko janm jwenn plas li nan diskou fòmèl ak dokiman ekri k ap kreye epi transmèt konesans nan espas ofisyèl yo, tankou lekòl, tribinal, palman, biwo leta, e latriviye.

Nan kòmansman atik *Language* la, nou analize kontèks istorik, politik, lengwistik e sosyo kiltirèl ki anpeche bon jan edikasyon simaye lib e libè tout kote ann Ayiti. Ann apre, nou prezante analiz kèk done ki ka bay limyè sou 2 kesyon fondamantal:

1. Nan kad edikasyon fòmèl, ki jan nou ka evalye chanjman atitud ki an rapò ak yon lang (kreyòl) ki pase plis pase 2 syèk an ba prejije malouk dominasyon kolonyal e neyo kolonyal ki mete kreyòl an ba bòt franse?
2. Ki jan lang sa yo ke n rele “lang lokal” (tankou kreyòl ann Ayiti) ka ede nan simaye konesans solid nan Syans, Teknoloji, Enjeniri ak Matematik (“S.T.En.M.”)?⁴ Epi tou, ki jan ansèyman S.T.En.M. an kreyòl ka ede nan kore lang sa yo ki toujou an ba prejije kolonyal?

KONTÈKS ISTORIK E AKADEMIK INISYATIV MIT-AYITI A

Alèkile, gen anpil rechèch nan syans edikasyon k ap evalye jefò k ap fèt tou patou sou latè beni pou demokratize edikasyon, pa sèlman nan kèk grenn sal klas kèk kote, men, nan yon pèspektiv global gras a entènèt ansanm ak platfòm nimerik ki djanm tankou MITx ak EdX.⁵ Jefò sa yo chita sou pedagoji ak teknoloji modèn k ap kreye nouvo zouti pou aprantisaj aktif. Pa gen lontan de sa, zouti sa yo te sèlman disponib pou yon ti pousantaj zuit nan popilasyon mondyal la. Jounen jodi a, platfòm sa yo ap chache manyen dè milyon etidyan kèlkeswa kote yo ye sou latè. Se kon sa platfòm sa yo vin makonnen ak yon kokenn chenn pwomès, kòm ki dirè yo ka kwape tout kalte divizyon—sosyal, ekonomik e nimerik.

Men, malgre tout bèl jefò byen entansyone sa yo, gen yon gwo obstak ki ka anpeche platfòm sa yo atenn objektif y ap chache yo: obstak sa a se baryè lengwistik ki bloke aksè pou pifò nan kominote ki toujou an ba bòt neyo kolonyal puisans tankou Angletè, Lafrans, Espay, Olann, Etazini, Kanada, e latriye. Pwoblèm sa a vin souleve 2 kesyon enpòtan:

1. Ki jan kalte edikasyon sa a ki chita sou bon jan teknoloji modèn ka vin aksesib pou *tout* moun sou latè beni?
2. Si teknoloji ak lòt zouti ki nan nannan pedagoji entèraktif ta vin disponib nan divès lang lokal yo kòm sa dwa, èske atitid pwofesè yo ap vin chanje pou yo rive entegre lang sa yo nan pratik ansèyman nan sal klas a yo?

Fòk nou pa bliye yon pwen istorik ki enpòtan anpil: Se konba jeyo politik ansanm ak goumen pou pouvwa anndan koloni ak ansyen koloni tankou Ayiti ki te vin kreye prejije lengwistik sa yo kont lang tankou kreyòl ann Ayiti—ansanm ak lòt prejije kont divès aspè kilti peyi a (tankou relijyon Vodou a). Se goumen pou pouvwa ansanm ak prejije sa yo ki lakoz baboukèt kont lang lokal nan peyi sa yo ki te an ba bòt kolonizasyon.

KONTÈKS LEGAL E SOSYAL INISYATIV MIT-AYITI A

Ayiti se youn nan ansyen koloni sa yo ki gen yon istwa manch long nan pratik esklizyon sosyal. Se nan kontèks sa a n ap fè yon gwo travay teren pou n elimine kalte enjistis sa a kote lang ak edikasyon sèvi kòm zam pou dominasyon. Nan travay teren sa a ke n ap fè nan kad Inisyativ MIT-Ayiti a, lang kreyòl la ansanm ak pedagoji entèraktif epi teknoloji modèn tounen zam pou *liberasyon ak devlopman*. Sa se yon dezyèm konba Vètyè wi. Konba sa a, nan 21èm syèk la, se pou liberasyon *nanm* nou. Atansyon: Chenn mantal nouvo kolon yo (kolon anndan kou deyò) konn pi malouk pase chenn metal ansyen kolon yo.

Selon manman lwa peyi d Ayiti (Konstitisyon 1987 la), se lang kreyòl la ki makonnen tout popilasyon an ansanm kòm nasyon. Menm si lang franse a “ofisyèl” menm jan ak lang kreyòl la, genlè se sèlman 3% moun nan popilasyon an ki ka pale ak ekri franse fen e byen.⁶ Lè n konsidere reyalite sosyo lengwistik sa a ansanm ak Konstitisyon 1987 la (Atik 5, 40, 213), se maspinen pouvwa an plas yo ap maspinen dwa konstitisyonèl pèp Ayisyen an: Leta toujou ap derespekte dwa sa yo lè se franse ki kouche sou papyè kòm lang prensipal nan lekòl ansanm ak pifò espas piblik yo (biwo leta, tribinal, ògàn ofisyèl gouvènman an, medya ekri, e latriye). Lang kreyòl sa a, ki se sèl grenn lang ki rele tout Ayisyen chè mèt chè mètrès, pa ko janm jwenn plas li nan tèks ekri ki la pou kreye epi transmèt konesans. Kòm konesans egal pouvwa, sa vin kreye yon “apatèd lengwistik” nan peyi a!

Pratik sa yo makonnen ak chwa lengwistik e ideyolojik otorite sa yo (otorite politik ak otorite entelektyèl) ki vin enfliyanse atitud jeneral popilasyon an konsènan ki lang, pami franse ak kreyòl, ki merite pi plis respè. Prejije sa yo kont lang kreyòl la tèlman antre fon nan nannan sosyete a ke n jwenn yo ata nan zèv gran entelektyèl ki konsidere tèt yo kòm patriyòt fawouch—tankou: Demesvar Delorme, Louis-Joseph Janvier, Anténor Firmin, Dantès Bellegarde, Jean Métellus, Hénock Trouillot, Jean Métellus, Leslie François Manigat, e latriye. E poutan tout entelektyèl sa yo toujou trè fyè de konba zansèt yo ki te libere Ayiti an ba bòt kolon franse an 1804. Malgre prejije kolon blan yo ki te vle pou lavi ansanm ak sivilizasyon moun nwa pa konte pou anyen, ewo endepandans yo te demontre, devan lemonn antye, ke moun nwa se moun tout bon—tout moun se moun! Men, prejije kolonyal yo (ki vle di: “chenn mantal” yo!) la toujou, an ba chal, nan mitan yon pakèt kontradiksyon (sa Jean Price-Mars te rele “bovaris kolektif”, sa Frantz Fanon te rele “Peau noire, masques blancs”, sa Ngũgĩ Wa Thiong’o rele “kolonizasyon mantal” epi sa Nesmy Manigat fèk vin rele “skizofreni epistemik”).⁸

An n pran ka yon pèsanaj anpil entelektyèl ayisyen konsidere kòm “modèl ekselans patriyotik”: istoryen e ansyen prezidan Leslie François Manigat (“LFM”), 16 out 1930–27 jen 2014. LFM se yon egzanp klè atitud mi wo mi ba sa yo konsènan lang kreyòl la ak idantite nasyon an. Epi tou LFM, menm jan ak pifò nan nou ki pase lekòl ann Ayiti, se yon viktim sistèm edikasyon kolonyal sa a ki kontinye ap kreye entelektyèl kolonize ki rayi idantite yo ak kilti yo. LFM te konsidere lang kreyòl la kòm yon lang ki toujou “ann anfans” e ki soti nan “petit nègre”. Ipotèz “petit nègre” sa a se youn nan ipotèz ki pi rasis konsènan orijin lang kreyòl yo. Se kon sa tou LFM te vin deklare se “latinite” nan kilti Lafrans ki fè Ayisyen moun tout bon.⁹ Se kalte prejije sa yo ki te vin kreye deba nan yon diskou LFM te fè

nan kad yon konferans Inivèsite Leta d Ayiti nan dat 8 jen 2010 nan Otèl Karibe lè li te deklare lang kreyòl la te “limite” epi se te yon “enfimite”.¹⁰ Deba sa a te kontinye nan paj jounal *Le Nouvelliste* (20–23 out 2010) epi l ap kontinye jounen jodi a sou Facebook.¹¹

OBJEKTIF INISYATIV MIT-AYITI A

Gen yon dividal rechèch syantifik nan lengwistik ki demontre ki jan lang kreyòl la gen jèvrin menm jan ak lang “entènasyonan” tankou franse ak angle. Kreyòl la se pa ni “limitasyon”, ni “enfimite”. Kreyòl la se baz lengwistik idantite peyi a e se sèl grenn richès lengwistik ki bay tout popilasyon an bon jan fondasyon entelekyèl pou yo bati tout kalte konesans—konesans nan lòt lang tou, tankou franse, angle, espayòl, eksetera. Sa se yon bèl chans peyi d Ayiti genyen dèske se tout popilasyon an nèt ki pataje lang kreyòl la. Se fondasyon lengwistik sa a ki dwe ede pou nasyon an ka devlope djanm djanm. Wi, gen rechèch nan syans edikasyon ki demontre pou ki sa fòk gen yon chanjman ki fèt ann Ayiti kote se lang kreyòl la ki pou vin sèvi kòm fondasyon ansèyman nan tout nivo sistèm edikasyon an e nan tout disiplin. Rezilta rechèch sa yo montre aklè pouvwa lang kreyòl la.¹² Epi tou, gen rechèch syantifik ki montre aklè enpòtans aprantisaj aktif ansanm ak teknoloji: metòd sa yo ka sèvi pou n mete lekòl yo tèt an wo.¹³ Lang kreyòl la se yon zouti ki nesèsè pou etidyan yo ka pwofonde nan aprantisaj aktif ansanm ak teknoloji ki kore metòd aprantisaj sa a. Chanjman sa yo (konsènan lang manman, pedagoji entèaktif ak teknoloji pou edikasyon) nesèsè pou n remonte eskap figi peyi a e pou n tabli diyite peyi d Ayiti kòm nasyon endepandan.

Se kon sa lang kreyòl la, pedagoji entèaktif ansanm ak teknoloji modèn (“*twà wòch dife*” vre!) vin antre nan nannan travay n ap fè kounye a ann Ayiti nan kad Inisyativ MIT-Ayiti a. Depi kreyasyon Inisyativ la an 2010, nou fè lang kreyòl la antre fon nan devlopman resous pou edikasyon san baryè nan domèn matematik, fizik, biyoloji, biyochimi ak chimi. Ekip MIT-Ayiti a tradui an kreyòl yon seri zouti teknolojik avanse ki te devlope prensipalman nan MIT. Se premye fwa teknoloji ak lòt materyèl an kreyòl vin disponib pou fasilite aprantisaj aktif nan domèn S.T.En.M. nan nivo inivèsite ak lekòl segondè.

REZILTA KONSÈNAN CHANJMAN ATITID PAMI PWOFESÈ YO

Nou fè yon seri entèvansyon nan lekòl epi nan inivèsite ann Ayiti ant ane 2010 ak ane 2016. Se kreyòl ansanm ak aprantisaj aktif ki te nan fondasyon tout entèvansyon sa yo. Nan yon premye faz, travay sa a vin demontre enpak fondamantal ki rive fèt nan nivo kapasite elèv yo pou

yo metrize lekti, ekriti ak matematik. Nan dezyèm faz la, nou dokimante enpak Inisyativ la konsènan chanjman atitud pwofesè yo epi chanjman nan pratik aprantisaj aktif nan sal klas pwofesè sa yo.

Done nou ranmase nan Lekòl Kominotè Matènwa (LKM) nan Lagonav, gras a finansman *National Science Foundation* epi *World Vision*, bay yon egzanp san fay ki demontre ki jan elèv preparatwa ak elemantè, k ap aprann an kreyòl depi an patan, rive aprann li ak ekri, depase kamarad yo nan lòt lekòl. Timoun LKM yo te rive kapab li plis pase swasant mo pa minit an mwayèn. Sa se yon bèl siksè lè n konpare timoun LKM yo ak kanmarad nan menm klas (3èm ane fondamantal) nan lòt lekòl ki te rive li sèlman venn twa mo pa minit an mwayèn. Sa k pi enpòtan toujou, rezilta yo montre ki jan ansèyman ki sèvi ak materyèl an kreyòl tabli yon fondasyon solid ki pèmèt timoun yo aprann lòt matyè pi fasil e pi byen.

Nou ka di menm bagay la nan domenn matematik kote timoun LKM yo te montre anpil angouman pou ti jwèt an kreyòl k ap ede yo metrize divès konpetans nan matematik (adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon, divizyon, fraksyon, e latriye). Pwofesè yo tou te pwofite: gras a entèvansyon an, yo te vin pi pwofonde nan materyèl y ap anseye yo. Relasyon ant elèv ak pwofesè te vin pi rilaks: nou soti nan kad otorite siprèm, kote se pwofesè a sèlman ki konnen epi elèv ap bat pa kè san konprann. Nan kad pwojè sa a kote timoun yo ap pratike konsèp matematik pandan y ap jwe jwèt an kreyòl, se ni elèv ni anseyan ki antre nan yon kad ki pi kolaboratif, kote echanj yo fèt san baboukèt pandan elèv ak pwofesè ap bati konesans nan diyite ak respè youn pou lòt.

Sa se te premye etid anpirik ki te fèt nan disiplin lekti, ekriti ak matematik e ki demontre pouvwa lang kreyòl la nan bay edikasyon ann Ayiti bon jan jarèt.¹⁴ Vreman vre, selon tout rezilta rechèch syantifik nou konnen e ki nan referans ke n deja site nan nòt yo, se lang natif natal la ki ka bay timoun yo fondasyon solid pou yo bati konesans nan kad pedagoji entèaktif ki angaje elèv la nan aprann lekti, ekriti, syans, matematik, e latriye. Ann apre, elèv la ka aprann lòt lang san blokaj, san konplèks, epi li ka transfere espresyon konesans sa yo nan nouvo lang y ap aprann, tankou franse, angle, espayòl, e latriye.

Nan entèvansyon ki te fèt nan nivo pwofesè inivèsite yo (yon seri atelye nan Pòtoprens epi sou Kanpis Henry Christophe nan Limonad, Inivèsite Leta d Ayiti), nou te dokimante yon chanjman atitud pami pwofesè yo pa rapò ak “twa wòch dife” Inisyativ la: kreyòl kòm lang ansèyman, aprantisaj aktif selon pedagoji modèn, epi teknoloji nan ansèyman. Nou kolabore ak yon 250 pwofesè ki soti nan plis pase 150 enstitisyon nan peyi a. Gras a entèvansyon sa a, majorite pwofesè sa yo te vin wè kokenn chenn avantaj

ki genyen nan sèvi ak lang kreyòl la pou yo anseye matyè ki konn parèt difisil—tankou matyè S.T.En.M. yo—epi pou yo jwenn patisipasyon aktif etidyan yo. Majorite pwofesè ki te patisipe nan atelye MIT-Ayiti yo te dakò pou se kreyòl la ki sèvi kòm lang prensipal pou ansèyman. Men, genyen ladan yo ki te souleve kesyon mankman vokabilè kreyòl la pou esprime sèten konsèp syantifik. La tou, Inisyativ MIT-Ayiti a kontribye nan kore lang kreyòl la kòm zouti pou ansèyman lè ekip MIT-Ayiti a met tèt ansanm pou kreye nouvo vokabilè ki koresponn ak konsèp syantifik ke n te diskite nan atelye MIT-Ayiti yo.¹⁵

An tou ka, pifò nan pwofesè yo te vle ede kòm ajan pou chanje atitud kolèg yo nan dimansyon “*twà wòch dife*” Inisyativ MIT-Ayiti a. Youn nan “*pitit*” MIT ak Ayiti se kreyasyon yon “*Konbit MIT-Ayiti*” ki se yon gwoup sis anseyan ayisyen, 2 fanm vanyan ak 4 gason kanson, ki te deside òganize pwòp atelye fòmasyon pa yo pou yo pwone itilizasyon “*twà wòch dife*” MIT-Ayiti yo pami kolèg a yo ann Ayiti.¹⁶ Men, pou kèk nan anseyan yo, angajman yo nan Inisyativ MIT-Ayiti a te vin kreye yon konfli entèn nan pèsonalite ak misyon yo kòm anseyan nan yon kontèks sosyal neyo kolonyal ki chaje ak prejije kont lang kreyòl la. Wi, malgre kèk nan anseyan sa yo te dakò sou enpòtans “*twà wòch dife*” yo, yo ret konsyan de prejije kont itilizasyon lang kreyòl la nan sistèm edikasyon ann Ayiti. Pa egzanp, yo konnen gen sèten lekòl ak sèten etidyan ki p ap dakò pou yo aprann syans ak matematik an kreyòl. Sa se yon reyalyte vre wi: toujou gen gwo rezistans sosyal kont lang kreyòl la ann Ayiti, yon rezistans pwofesè yo ka obsève nan lavi yo tou lè jou, nan tout sektè sosyete a—ata pami gran entelektiyèl ak otorite sa yo k ap dirije peyi a (jan n dokimante nan lòt rechèch nou—egzanp: referans nan nòt #7–#10). Men, sa pa t anpeche pou pwofesè yo angaje tèt yo nan simaye “*twà wòch dife*” Inisyativ MIT-Ayiti a pami kolèg yo.

Ki donk, rechèch nou te montre enpòtans lang kreyòl la nan aprantisaj aktif ki djanm ni nan nivo elemantè, ni nan nivo inivèsitè. Epi nou dokimante chanjman nan atitud pwofesè yo konsènan adopsyon lang kreyòl la kòm zouti pou ansèyman ansanm ak pratik pedagoji entèraktif ki sèvi ak teknoloji ak lòt materyèl an kreyòl.¹⁷ Malgre divès gwo obstak ki soti nan istwa kolonyal peyi a ansanm ak lòt baryè kiltirèl e politik, done nou yo demontre gen chanjman pozitif k ap fèt pou kreyòl la rive sèvi kòm zouti pou n tabli bon jan lekòl tèt an wo pou yon peyi tèt an wo.

AN FINAL: LESPWA POU PI DEVAN

Objektif final la se pou yon pwojè kon sa ansanm ak lòt parèy li ta rive kore devlopman sosyal e ekonomik peyi d Ayiti kòm nasyon ki endepandan tout bon vre e ki fyè de idantite l kòm sa dwa.

An final, itilizasyon lang kreyòl la kòm zouti pou ansèyman, sa se yon pwopozisyon ki enkontounab si, vreman vre, nou vle demokratize edikasyon san baryè pou tout moun ann Ayiti e si n vle ouvri pòt konesans lajman laj kòm yon dwa fondamantal pou tout Ayisyen. Se kon sa tou Inisyativ MIT-Ayiti a ap bay lang kreyòl la jarèt pou l rive ranpli tout kalte fonksyon nèt al kole nan sosyete a, pou byennèt popilasyon an e pou devlopman peyi a.

Epi tou, nou espere Inisyativ MIT-Ayiti a ava ofri yon modèl pou lòt kominote k ap kwoupi an ba mizè akòz baryè lengwistik k ap vyole dwa moun. Prejije lengwistik kont lang ki pale nan kominote ki te an ba bòt kolonyal peyi Èwòp yo, se pa sèlman ann Ayiti enjistis sa a egziste. Ki donk, travay nou an ka enspire tout lòt kominote k ap fè jefò pou yo pataje bon jan edikasyon pami tout moun tou patou nan lemond malgre tout kalte baryè sosyal, ekonomik e politik.

Nòt

- ¹ Bibliyografi atik *Language* la bay pi plis enfòmasyon sou done ak rezilta ke n pral site nan atik w ap li a. Men referans atik *Language* la: DeGraff ak Stump, “Kreyòl, Pedagogy, and Technology”. N ap jwenn lòt atik konsènan Inisyativ la nan sit sa yo: <http://mit.edu/degraff> epi <http://haiti.mit.edu>. Epi n ap remèsye tout grenadye ak grenadyèz nan ekip MIT-Ayiti a. Mèsi Nadège Cherubin, Jacques Pierre ak Hugues Saint-Fort paske n ede kreyòl la koule klè tankou dlo kokoye nan atik sa a. N ap remèsye Claudine Michel tou pou fidbak li konsènan atik sa a. Epi tou n ap remèsye Fondasyon Nasyonal pou Lasyans oz Etazini (US National Science Foundation) pou gwo finansman (1 milyon dola US) yo te bay Inisyativ MIT-Ayiti pou n reyalize kokenn chenn travay sa a. Men anpil, chay pa lou! Epi, mezanmi, òtograf kreyòl la bèl vre wi. An n sèvi avè l kòm sa dwa, selon grafi ofisyèl la ansanm ak chapant lang lan.
- ² <https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/10157025728763872>.
- ³ N ava jwenn plizyè referans sou sa nan atik DeGraff, “Linguists’ Most Dangerous Myth”; DeGraff, “Men anpil, chay pa lou”.
- ⁴ Ann angle, se abrevyasyon “STEM” ki sèvi kòm etikèt pou gwoup disiplin akademik nan Syans, Teknoloji, Enjeniri ak Matematik (“*Science, Technology, Engineering & Mathematics*” = “STEM”). Selon envantè alfabè kreyòl la, lèt ki kòmanse mo “enjeniri” nan “Syans, Teknoloji, Enjeniri & Matematik” se <en>, se pa <e>. Se pou sa abrevyasyon kreyòl la se “S.T.En.M.”, se pa “S.T.E.M.” An kreyòl, nou mete pwen ant lèt yo paske nou gen lèt <en> ki gen 2 graf ladan (se yon “digraf”). Pwen yo ede n separe chak lèt ki nan abrevyasyon “S.T.En.M.” lan. N ap jwenn pi plis espikasyon sou alfabè kreyòl la nan atik sa a: “An n konprann *Chante Alfabè Kreyòl La*” sou sit *Potomitan: Site de promotion des cultures et des langues créoles*: <http://www.potomitan.info/ayiti/alfabe2.php>.

- ⁵ <https://www.edx.org/school/mitx> ; <https://www.edx.org>.
- ⁶ Sonje n ap jwenn referans sou tout done sa yo nan atik *Language* la: DeGraff ak Stump, “Kreyòl, Pedagogy, and Technology”.
- ⁷ N. Manigat, “Sortir de la schizophrénie épistémique”.
- ⁸ DeGraff, “Linguists’ Most Dangerous Myth”.
- ⁹ Men yon echantiyon pawòl Leslie François Manigat (LFM) sou “lang kreyòl” la ak sou “latinite” nan “ayisyanite”: “le créole est une langue encore en enfance, récemment promue de dialecte à une langue reconnue comme telle”, “la masse, elle ne parlait que créole, un créole qui venait de s’affranchir d’être linguistiquement un « petit nègre » par rapport au français, mais n’avait pas encore tout à fait intégré son stock linguistique africain importé”. Sa se pawòl ki nan liv LFM ki rele *Éventail d’histoire vivante d’Haïti* (147, 215). Epi, nou jwenn pawòl sa a tou: “Cette Haïtianité imprégnée, voire imbibée de francité ou de latinité à la française nous a donné une équation introuvable : haïtianité égale adoption du cocorico gaulois, avec une pointe anti-américaine à la De Gaulle. C’est qu’il y a une civilisation française, enseignée à la Sorbonne, et qui a fait des élites haïtiennes des français de goût, de sentiments, de l’art de vivre et d’affinités de la personnalité de base. Aux américains, les valeurs d’argent et de confort, mais au français, la qualité de la vie et le bien-être psychologique et moral. Refonder Haïti, c’est s’en souvenir avec délectation sinon nostalgie. La France, ce n’est pas seulement le passé, mais le présent vécu, le passé-présent. On se voit composite, voire hybride, ou de culture métisse. L’Haïtianité continue de marquer des points avec l’attribution des prix littéraires français dont le terrain est conquis de haute lutte par les lauréats haïtiens qui brillent au firmament de la littérature « franco-française »” (*8 années d’existence*, 64). Se nan diskou li nan Fowòm Inivèsite Leta d Ayiti sou rekonstriksyon nasyonal (8 jen 2010) LFM te deklare lang kreyòl la se te yon “limitasyon” e yon “enfimite”. Se nan menm diskou sa a li esplike rezon ki fè l panse se an franse pou lekòl fèt ann Ayiti—sa se yon pozisyon ki pa konfòm ak filozofi Inisyativ MIT-Ayiti a ansanm ak rezilta rechèch nan lengwistik ak syans edikasyon. Nou ka tandè deklarasyon LFM yo nan videyo sa a sou paj Michel DeGraff nan dat 21 jen 2018: <https://www.facebook.com/791208871/posts/10156979171333872/>. Videyo konplè diskou a disponib nan afich sa a: <https://www.facebook.com/791208871/posts/10157025728763872/>.
- ¹⁰ Se Pwòf Antwopològ Suze Mathieu ak Pwòf Lengwis Lemèt Zefi ki te premye denonse Leslie François Manigat (LFM) lè l te di 2 pawòl ki grav anpil kont pèp souvren peyi d Ayiti: (1) paske pifò Ayisyen pa konn ni Platon ni Sokrat, yo pa moun tout bon, yo se moun ki limite, kòm ki dirè, yo se “sous-hommes”; (2) kreyolofoni se te yon limitasyon e yon enfimite, kòm ki dirè se franse kòm “lang nasyonal” ki bay Ayiti valè l kòm nasyon (Mathieu, “Yon lèt tou louvri”; Zefi, “Edikasyon ak lang”). LFM te vin ekri yon lèt nan *Le Nouvelliste* pou l eseye demanti Mathieu ak Zefi. Men, Michel DeGraff vin jwenn yon videyo ki dokimante diskou LFM nan dat 8 jen 2010. Videyo sa a

- demontre demanti LFM lan se manti. Videyo sa a vin monte sou paj Facebook Michel DeGraff nan dat 21 jen 2018: <https://www.facebook.com/791208871/posts/10156979171333872/>.
- ¹¹ <https://lenouvelliste.com/article/82698/yon-let-tou-ouvri-pour-mesye-vernet-henry>; <https://lenouvelliste.com/article/82785/billet-reponse-au-nouvelliste-pour-une-insertion-demandee>; <https://www.facebook.com/michel.degraff/posts/10156954496203872>; <https://www.facebook.com/791208871/posts/10156979171333872/>.
- ¹² Atik sa a nan *Journal of Haitian Studies* bay referans syantifik nan dosye sa a: DeGraff, “Lang matènèl”.
- ¹³ Rechèch sa yo enpòtan anpil wi. N ap jwenn bon jan referans sou sa ni nan atik “Twa wòch dife” nan *JoHS* la (DeGraff, “Lang matènèl”), ni nan atik *Language* la (DeGraff ak Stump, “Kreyòl, Pedagogy, and Technology”).
- ¹⁴ DeGraff, “Mother-Tongue Books in Haiti”.
- ¹⁵ Nou ka wè kèk egzanp inovasyon sa yo nan atik sa a: Dizikes, “MIT-Haiti, Google Team Up”.
- ¹⁶ https://haiti.mit.edu/wp-content/uploads/2016/11/deplyan_konbit_161106.pdf.
- ¹⁷ Se nan atik *Language* la n ap jwenn pi plis done ak analiz ki demontre chanjman atitud sa yo: DeGraff ak Stump, “Kreyòl, Pedagogy, and Technology”.

Bibliyografi

- DeGraff, Michel. “Lang matènèl, pedagoji entèraktif, lojisyèl edikatif nan Inisyativ MIT-Ayiti : « Twa wòch dife » pou bon jan edikasyon ak inovasyon alawonnbadè ann Ayiti.” *Journal of Haitian Studies* 22, no. 2 (2016): 128–141.
- . “Linguists’ Most Dangerous Myth: The Fallacy of Creole Exceptionalism.” *Language in Society* 34, no. 4 (2005): 533–591. http://lingphil.mit.edu/papers/degraff/degraff2005fallacy_of_creole_exceptionalism.pdf.
- . “Men anpil, chay pa lou: An nou sèvi ak lang kreyòl la pou bon jan edikasyon ak rechèch ann Ayiti.” Nan *Akademi kreyòl ayisyen: Kì pwoblèm? Kì avantaj? Kì defi? Kì awni? Ak kòlòk entènasyonal sou Akademi Kreyòl Ayisyen an*, editè : Renauld Govain ak Komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen, 133–166. Éditions de l’Université d’État d’Haïti, 2013. http://web.mit.edu/linguistics/people/faculty/degraff/degraff_20130414_kreyol_ak_teknoloji_nan_edikasyon_ann_Ayiti_rev1023.pdf.
- . “Mother-Tongue Books in Haiti: The Power of Kreyòl in Learning to Read and in Reading to Learn.” *Prospect: Comparative Journal of Curriculum, Learning and Assessment* 46, nos. 3–4 (2016): 435–464. <http://rdcu.be/qm1X>.

- DeGraff, Michel, ak Glenda S. Stump. “Kreyòl, Pedagogy, and Technology for Opening Up Quality Education in Haiti: Changes in Teachers’ Metalinguistic Attitudes as First Steps in a Paradigm Shift.” *Language* 94, no. 2 (2018): e127–e157. https://www.linguisticsociety.org/sites/default/files/e3_94.2DeGraff.pdf.
- Dizikes, Peter. “MIT-Haiti, Google Team Up to Boost Education in Kreyòl.” *MIT News*, 30 oktòb 2017, <http://news.mit.edu/2017/mit-haiti-google-team-boost-education-kreyol-1031>.
- Manigat, Leslie François. *Éventail d’histoire vivante d’Haïti*. Port-au-Prince: Collection du Chudac, 2006.
- . *8 années d’existence*, Port-au-Prince: Collection du Chudac, 2010.
- Manigat, Nesmy. “Sortir de la schizophrénie épistémique pour penser Haïti.” *Le Nouvelliste*, 12 desanm 2018, <https://lenouvelliste.com/public/index.php/article/195788/sortir-de-la-schizophrenie-epistemique-pour-penser-haiti>.
- Mathieu, Suze. “Yon lèt tou louvri pou Mesye Vernet Henry Rektè Inivèsite Leta Ayisyen.” *Le Nouvelliste*, 21–22 out 2010, <https://lenouvelliste.com/article/82698/yon-let-tou-ouvri-pour-mesye-vernet-henry>.
- Zefi, Lemèt. “Edikasyon ak lang nan divès pwopozisyon plan rekonstriksyon d’Ayiti.” Nan *Entre refondation et reconstruction : Les Problématiques de l’avenir post-sismique d’Haïti*, editè : Wilson Dorlus. Éditions de l’Université d’État d’Haïti, 2011.